Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение
« Хатажукаевская средняя общеобразовательная школа № 6
имени Ахмеда Хаткова»

| | |
|---|---|
| **СОГЛАСОВАНО** | **УТВЕРЖДАЮ** |
| Заместитель директора по УВР | Директор школы |
| ______ Дахужева Н.А. | ______ Шаова Ф.И. |
| «02» 09 2024 г. | Приказ № 61 |
| | от «02» «09» 2024 г. |

# Рабочая программа по предмету «Адыгэбзэ тхэн»
# для 2 класса.
Начальное общее образование. Базовый уровень. Разработана в соответствии с УМК «Школа России».

Составитель:
учитель начальных классов
Нагоева Ш.Ю.

а.Пшичо 2024г.

Пояснительная записка

К1элэеджак1охэм ш1эныгъэ дэгъухэр аригъэгъотынхэр, 1офш1эныр ш1у аригъэлъэгъуныр, шэн-1эдэб дахэхэр ахилъхьанхэр, якъэралыгъо фэшъыпкъэхэу ып1унхэр арых еджап1эм пшъэрылъ шъхьа1эу и1эхэр.
А пшъэрылъхэм язэш1охынк1э адыгабзэми, адрэ предметхэм афэдэу, мэхьанэ и1. Чылэмэ ащыщ адыгэ сабыйхэр апэрэу еджап1эм къызык1охэк1э, ахэм яныдэлъфыбз ары ны1эп зэрыгущы1эхэрэр. Арышъ, зэк1э аш1оигъор, дунаим хэш1ык1эу фыря1эр, ц1ыфхэм язэфыщытык1э ехьыл1агъэу аш1эрэр къызэра1орэр адыгабзэр ары. К1элэц1ык1умэ ш1эныгъэ агъотынымк1э, яакъыл хэхъонымк1э, яжабзэ гъэбаигъэнымк1э ныдэлъфыбзэр амалышху.
К1элэеджак1охэм дунаеу зыхэтыр къагуры1онымк1и, ш1эныгъэмэ якъежьап1эхэр а1э кьихьанхэмк1и, п1уныгъэ тэрэз агъотынымк1и къежьап1эу хъурэр ныдэлъфыбзэр ары.
Ньдэлъфыбзэм ш1уагъэу къытырэр нахь гъэлъэшыгъэным пае, ащ зэрэрагъаджэрэр нахь тэрэзэу зэхэщэгъэн, урок пэпчъ нахь ш1эныгъэ куу къытэу ыгъэпсыныр к1элэегъаджэ пэпчъ ипшъэрылъ.
*Арышъ, адыгабзэм изэгъэш1энк1э пшъэрылъ зэфэшъхьафхэр къэуцух. Ахэр:*
• к1элэц1ык1ухэм анибжьрэ язэхэш1ык1ырэ ялъытыгъэу хэхъоныгъэ аш1ыным лъапсэ фэш1ыгъэныр;
• имэхьанэ къагуры1озэ 1упк1эу ык1и псынк1эу текстым къеджэнхэм, хэмыукъохэу тхэнхэм, жэбзэ дахэ а1улъы хъуным афэгъэхьыгъэ амалхэр ягъэгъотыгъэнхэр;
• дунаеу зыхэтхэр нахьыш1оу къагуры1оу, апкъышъолк1э пытэхэу, адыгэгъэ-ц1ыфыгъэ зек1ок1э дахэмрэ 1эдэбымрэ яшэнхэу яныдэлъфыбзэ ш1у алъэгъоу, агъэлъап1эу, лъэпкъ гушхуагъэхэр ахэлъэу, адыгэмэ якультурэ хэш1ык1 фыря1эу, дэир щагъэзыеу, дахэр къагуры1оу, дэгъоу еджэхэу п1угъэнхэр; ш1уагъэ къэзытрэ 1офш1энхэм афэщагъэхэу егъэсэгъэнхэр.

**Грамматикэр, тхэныр, жабзэм ихэгъэхъон**
***(Тхьэмафэм сыхь. 2. Зэк1эмк1и сыхь. 68-рэ.)***
***Апэрэ классым щак1угъэм ик1эджык1ыжъын***
Гущы1эухыгъэр, макъэхэмрэ хьарыфхэмрэ ахэр
Зэрэзэтек1ыхэрэр ; пычыгъохэр, гущы1эр.
***Пычыгъор***
1. Тамыгъит1ук1э е тамыгъищык1э атхырэ хьарыфхэр зыхэт пычыгъохэр *(к1алэ, жъуагъо),* пычыгъо за1охэр *(л1ы, л1ы-жъы),*
тамыгъабэ хъурэ пычыгъохэр *(шъхьан-тэ, шхъуан-т!э), й-р* ык1и м-р зыхэт пычыгъохэр, зещэу о-к1э гъэпсыгъэ пычыгъохэр кьызыхэфэрэ гущы1эхэр. А зы тамыгъэхэр макъэуи пычыгъоуи щытынхэ зэралъэк1ыщтыр *(гъу-нэгъу, гъу-нэ-гъур. пхъэн-т1эк1у, пхъэн-т1э-к1ур),* а-м, *у-и* пычыгъо къаш1эуи къамыш1эуи зэрэхъурэр *(а-пчы, ау-къэ-бзы; у-ты, уа-тэ).*
***Макъэхэмрэ хьарыфхэмрэ***
*Зещэхэр.* Зещэу *у, э* зыхэт гущы1эхэм якъэ1уак1эрэ ятхык1эрэ, *у-р* зещэу ык1и зэращэу зэрэхъурэр. Зещэхэу а, *и, о, у, э* къэ1ок1ит1оу я1эр, мы зещэхэм ятхык1. Хьарыфхэу *ы, е* ямэхьанэхэр.
*Зэращэхэр.* Зэфэдэ тамыгъэхэр зыхэт хьарыфхэм *(ж,жъ,жъ,жъу\ л,лъ, л1; п, пl,пly,* нэмык1хэми) ятхык1. Хьарыф зэхэлъхэр. Мэкъэ 1ужъухэр, ахэмэ яхьарыфхэр. Чыйзэфэш1ыгъэ макъэхэмрэ ахэмэ яхьарыфхэмрэ, ахэмэ ятхык1эрэ якъэ1уак1эрэ. Хьарыфхэу *дж, к1, л, хъ* ахэмэ къагюлъэгюрэ макъэхэр. Тамыгъэхэу ъ*, ъ.*
***2. Къулайныгъэхэу к1элэеджак1охэм агъотын фаехэр:***
-зещэхэмрэ зэращэхэмрэ якъэ1уак1эк1и ятхык1эк1и зэрэзэтек1ыхэрэр аш1энхэр; -ахэр тэрэзэу кьа1онхэр, атхынхэр;
-гущы1эхэм, гущы1эухыгъэхэм зещэхэмрэ зэращэхэмрэ тэрэзэу къахагъэщынхэр; -зещэмэ пычыгъо кьызэраш ырэр, ашэнхэр.
***2. Кьулайныгъэу к1элэеджак1охэм агъотын фаехэр:***
-гущы1эхэр пычыгъо-пычыгъоу агощынхэр: -гущы1эмэ ащык1эрэ пычыгъохэр къагъотынхэр; -ар зыхагъэуцожьызэ гущы1эр тэрэзэу атхыныр.

***Гущыэхэм язэпыхык1***

1. Гущы1эхэр пычыгъо - пычыгъоу зэпахы: й-р ык1и и-р, мэкъэ 1ужъухэр, тамыгъит1у е тамыгъищык1э атхырэ хьарыфхэр, зэфэдэ хьарыфит1у зэготхэр зыхэт гущы1эхэр зы сатырэм раххэу нэмык1 сатырэм зэрахьырэр. Зещэ закьок1э гьэпсыгъэ пычыгъохэу гущы1эм ипэублэ, ик1эухым щытхэм язэпыхык1.

***2 Кьулайныгъэу к1элэеджак1охэм агъотын фаехэр:***

-гущы1эхэр пычыгъо - пычыгъоу агощызэ зы сатырым рахыни адрэ сатырым тэрэзэу ахьыныр;
-зы хьарыф нахь мыхъурэ пычыгъохэм афэгъэхьыгъэ тегъэушъхьафык1 ыныгъэр.

*Алфавитыр*

1. Адыгэ алфавитыр. Ар хьарыф пчъагъэу зэрэхъурэр.

*2.Къулайныгъэу к1эледжак1охэм агъотын фаехэр:*

-алфавитым хэт хьарыфхэр зэк1элъык1оу къа1онхэр, атхынхэр; -алфавитым изэк1элъык1уак1э тетэу гущы1эхэр атхынхэр; -алфавитыр къызыфагъэфедэзэ, гущы1элъэ ц1ык1оу тхылъым ык1э дэтым зыфэе гущы1эхэр къыхагъэщынхэр.

*Гущы1эр*

Упч1эхэуХэт? *Сыд фэда? Сыд ыш1эрэр ? Сыд ыш1агъэр?* зыфагъэуцурэ гущы1эхэр; ахэр зыфэдэхэр. Афаусыгъэхэр къэзгъэлъэгъорэ гущы1эхэр, ахэмэ ятхык1.

*2. Къулайныгъэу к1элэеджак1охэм агъотын фаехэр:* -пкъыгъор, ащ иплъышъо, ыш1эрэр къызэрык1ырэ гущы1эхэр къагъотынхэр;
-ахэмэ тэрэзэу упч1э афэгъэуцуныр;
- гущ1эхэу гущы1эухыгъэхэм ащык1эхэрэр тэрэзэу ахагъэуцожьынхэр;
-афаусыгъэ ц1эхэр атхы зыхъук1э хьарыф инк1э къаублэнхэр.

*Гущы1эухыгъэр*

1.Гущы1эухыгъэр, 1офыр зыгъэцак1эрэр къызэрык1ырэ гущы1эр (подлежащэр), ащ ыш1эрэр къызэрык1ырэ гущы1эр (сказуемэр). Гущы1эухыгъэм ичлен шъхьа1эхэр: подлежащэмрэ сказуемэмрэ. Гущы1эухыгъэм итхын буквэ инк1э аублэ; гущы1эухыгъэм ыужк1э е точкэ, е упч1э, е 1этыгъэ тамыгъэ агъэуцу.

*2. Къулайныгъэу к1элэеджак1охэм агъотын фаехэр:*

-псалъэр гущы1эухыгъэ - гущы1эухыгъэу агощыныр;
-гущы1эухыгъэхэр зэхагъэуцонхэ алъэк1ыныр;
-гущы1эухыгъэ ужым ищык1эгъэ тамыгъэр (точкэ, упч1э, 1этыгъэ) агъэуцуныр;
-упч1э афагъэуцузэ 1офыр зыгъэцак1эрэр, ащ иплъышъо, ыш1эрэр къызэрык1ырэ гущы1эхэр гущы1эухыгъэхэм къахагъэщынхэр.

К1эджык1ыжьыныр (сыхь.7) *Псэлъэ зэпхыгъэр 1. Къулайныгъэу к1элэеджак1охэм агъотын фаехэр:*

-упч1эхэм, сюжет мэхьанэ зи1э сурэтхэм къапкъырык1хэзэ гущы1эухыгъэхэр зэхагъэцонхэр;

-к1элэегъаджэр я1эпы1эгъоу зы темэ фэгъэхьыгъэу гущы1эухыгъэ заулэ зэхагъэуцоныр, атхыныр;
-къызэджэгъэхэ текст мыинышцэм щыщ пычыгъохэм шъхьэхэр (нахьыбэрэмк1э упч1э гьэпсык1э ахэлъэу) къафаугупшысынхэр;
-ин дэдэу щымыт текстыр к1элэегъаджэр я1эпы1эгьоу кьа1отэжьыныр;
-еджап1эм 1офхэу щызэш1уаххэрэм, нахьыжъхэм зэрадэ1эпы1эхэрэм, зэрэджэгухэрэм яхьыл1эгъэ рассказхэр зэхагьэуцонхэр, атхынхэр. (Зэхэгьэуцогьум к1элэегъаджэр 1эпы1эгъу къафэхъу.)

***Зитхык1э кьяхьылъэк1ыщт гущы1эхэу 1оф зыдаш1эн фаехэр:***

*альбом, бгъузэ, бжыхъапэ, дэхэ-дахэу, жъуагъо, жъогъохэчъ, зэш-зэшыпхъу, зэшъо-зэщ, кассир, класс, клуб, коллектив, командир, конверт, къазгъыр, къангъэбылъ, къыпц1э, кьолэбзыу, къумбыл, к1ым-сым, к1элэц1ык1у, лыгъу-лыст, лъыхъуак! о, л1 экъуац!, л1ыжъы, мэк1э-мак1эу, мэк1уашъэ, мэгузажъо, мэш1оку, маш!о, мэш1обзыиш1у; ныбжъы, ошъогу, оуий, пенал, псау-тау, пл1эмый, плъыжъы, синыбджэгъу, сшыпхъу нахъык!, сшыпхъу нахъыжъ, сянэжъ, сятэжъ, тызэгурэ1о, тызэдэджэгу, тхылъык!, тетрадь, тхъак1умк1ыхъ, уашъо, унашъо, хъажъущыр, хъант1аркъу, хъалыгъу, хъалыжъу, хъэк1э-къуак1, чэтыущыр, шъэожъый, шык1э, шк1э, ш1омык1, шъуамбгъо, ш1уанэ, шъоущыгъу, электричеств, lauily-lyuily.*

***Ят1онэрэ классыр къызщаухырэм ехъул1эу к1элэеджак1охэм аш1эн фаехэр:***
-алфавитым хэт хьарыфхэр; мэкъэзещэхэмрэ мэкъэзэращэхэмрэ зэрэззтек1ыхэрэр къагуры1оныр;
-макъэхэмрэ хьарыфхэмрэ язэфыщытык1э аш1эныр;
-тамыгьит1у-тамыгьищк1э къагьэлъэгъорэ макъэхэр, мэкъэ 1ужъухэр, урысыбзэм къыхэк1и адыгабзэм къыхэхьагьэ гущы1эхэм ахэт макъэхэмрэ хьарыфхэмрэ, тамыгъит1оу, тамыгъищэу зэхэт хьарыфхэм ятхык1э аш1эныр;
-гущы1эхэр зы сатырэм къырахэу адрэ сатырэм зэрахьын фаем шапхъэу и 1эр агуры1оныр.
*К1элэеджак1охэм агъэцэк1эн фаехэр:*
-хьарыфхэр къыхамынэхэу ык1и ахэр зэбламыгьэуцук1хэу, ятхык1и зэщамыгьакъоу гущы1эхэр, гущьйэухыгъэхэр, гущы1э 30-40 зыхэт текстыр дахэу атхыныр;
-тамыгьитху-тамыгьищэу атхырэ хьарыфхэр зыхэт гущы1эхэр пычыгъо-пычыгьоу агощынхэр;
-гущы1эхэр зы сатырэм къырахыни адрэ сатырэм ахъыныр;
-мэкъэзещэу о-к1э гьэпсыгьэ пычыгъохэр зыхэт гущы1эхэр хэукъоныгъэ хамыш1ьгхюуатхьшыр;
-ц1ыфхэм ац1эхэр, алъэкъуацДэхэр, ятац1эхэр; къуаджэхэм, къалэхэм, псыхъохэм ацДэхэр, хьайуанмэ афаусыгьэхэр хьарыф инк1э кьегьэжьагьэу атхынхэр;
-гущьйэухыгъэм итхын хьарыф инк1э къырагъэжьэныр;
-зэрищык1агьэу гущы1эухыгъэм ыужы точкэ, упч1э, 1этыгъэ тамыгьэ агьэуцуныр; - гущы1эухыгьэм хэт член шъхьа1эхэр къагьотынхэр, ахэрхагьэунэфык1ынхэр.

Календарно-тематическое планирование по адыгейскому языку

во 2 классе

| №п/п | Тема урока | Д/З | По плану | По факту |
|---|---|---|---|---|
| 1 | К1эджык1ыжьын. | 1оф4 | 5.09 | |
| 2 | Кlэджыкlыжьын. ГущыIэухыгъэмрэ гущыIэмрэ. | 1оф9 | 6.09 | |
| 3 | Макъэхэмрэ буквэхэмрэ. | 1оф14 | 12.09 | |
| 4 | Макъэхэмрэ буквэхэмрэ. | 1оф25 | 13.09 | |
| 5 | Пычыгъор | 1оф33 | 19.09 | |
| 6 | Пычыгъор | 1оф42 | 20.09 | |
| 7 | **Уплъэкlун диктант.** | Правилэхэр агу къагъэк1ыжьын | 26.09 | |
| 8 | Хэукъоныгъэмэ ягъэтэрэзыжьын. Зещэхэмрэ зэращэхэмрэ. | 1оф48 | 27.09 | |
| 9 | Зещэхэр. | 1оф56 | 3.10 | |
| 10 | Зэращэхэр. | 1оф66 | 4.10 | |
| 11 | Зэращэхэр. | 1оф82 | 10.10 | |
| 12 | **Уплъэкlун диктант.** | Правилэхэр агу къагъэк1ыжьын | 11.10 | |
| 13 | Хэукъоныгъэмэ ягъэтэрэзыжьын. Зещэхэмрэ зэращэхэмрэ. | 1оф90 | 17.10 | |
| 14 | Кl-р къызхэфэрэ гущыIэхэр. | 1оф94 | 18.10 | |
| 15 | Зэхьщыр буквэхэр Жь-Жъ. | 1оф104 | 24.10 | |
| 16 | Зэхъщыр буквэхэр Л, Лъ, Лl.Зэфэхьысыжь урок. Зэхъщыр буквэхэр | 1оф111 | 25.10 | |
| 17 | Зэхъщыр буквэхэр Х, Хь, Хъ. | 1оф115 | 14.11 | |
| 18 | Зэхъщыр буквэхэр Ч, Чъ, Чl. | 1оф122 | 15.11 | |
| 19 | Зэхъщыр буквэхэр Ш, Шъ, Шl. | 1оф127 | 21.11 | |
| 20 | Зэхъщыр буквэхэр Ш, Шъ, Шl. | 1оф 133 | 22.11 | |
| 21 | Мэкъэ lужъухэр. | 1оф 136 | 28.11 | |
| 22 | **Уплъэкlун диктант.** | Правилэхэр агу къагъэк1ыжьын | 29.11 | |
| 23 | Хэукъоныгъэмэ ягъэтэрэзыжьын. | 1оф.147 | 5.12 | |
| 24 | Хэукъоныгъэмэ ягъэтэрэзыжьын. Чыйзэфэшlыгъэ макъэхэр. | 1оф 157 | 6.12 | |
| 25 | Чыйзэфэшlыгъэ макъэхэр. | 1оф 163 | 12.12 | |
| 26 | ГущыIэмрэ пычыгъомрэ. | 1оф 169 | 13.12 | |
| 27 | Й-р зыхэт гущыIэхэр. | 1оф181 | 19.12 | |
| 28 | **Уплъэкlун диктант** | Правилэхэр агу къагъэк1ыжьын | 20.12 | |
| 29 | Хэукъоныгъэмэ ягъэтэрэзыжьын. | 1оф185 | 26.12 | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | АкӀугъэм икӀэджыкӀыжьын. | | | |
| 30 | У-рзыхэтгущыӀэхэр. | 1оф188 | 27.12 | |
| 31 | ГущыӀэмэ язэпыхыкӀ. ГущыӀэлъэ диктант. | 1оф195,198 | 16.01 | |
| 32 | ГущыӀэмэ язэпыхыкӀ. | 1оф211 | 17.01 | |
| 33 | **УплъэкӀун диктант «Гущы1эмэ язэпыхык1»** | Правилэхэр агу къагъэк1ыжьын | 23.01 | |
| 34 | Хэукъоныгъэмэ ягъэтэрэзыжьын. Алфавитыр. | 1оф217 | 24.01 | |
| 35 | Алфавитыр. | 1оф221 | 30.01 | |
| 36 | АкӀугъэм икӀэджыкӀыжьын. | 1оф231 | 31.01 | |
| 37 | ГущыӀэмрэ гущыӀэухыгъэмрэ. Пкъыгъор къызэрыкӀырэ гущыӀэр. | 1оф244 | 6.02 | |
| 38 | Мыхэр сыдых? | 1оф249 | 7.02 | |
| 39 | Мыхэр хэтых? | 1оф261 | 13.02 | |
| 40 | Изложение «Адыгагъэр» (н. 112) 1оф 257 | Правилэхэр агу къагъэк1ыжьын | 14.02 | |
| 41 | **УплъэкӀун диктант «Гущы1эмрэ гущы1эухыгъэмрэ»** | Правилэхэр агу къагъэк1ыжьын | 20.02 | |
| 42 | Хэукъоныгъэмэ ягъэтэрэзыжьын. Лъэкъуац1эхэм, ц1эхэм, атац1эхэм ятхык1 | 1оф265 | 21.02 | |
| 43 | Псэушъхьэмэ ацӀэмэ ятхыкӀ. | 1оф 273 | 27.02 | |
| 44 | Къэралыгъомэ, чылэмэ, къалэмэ, ураммэ, псыхъомэ ацӀэмэ ятхыкӀ. | 1оф286 | 28.02 | |
| 45 | УплъэкӀун тетхыкӀын гъэцэкӀэн игъусэу | 1оф292 | 6.03 | |
| 46 | Пкъыгъом ышӀэрэр къызэрыкӀырэ гущыӀэхэр. | 1оф303 | 7.03 | |
| 47 | АкӀугъэм икӀэджыкӀыжьын | 1оф315 | 13.03 | |
| 48 | Пкъыгъом иплъышъорэ ишӀыкӀэрэ къызэрыкӀырэ гущыӀэхэр | 1оф324 | 14.03 | |
| 49 | Пкъыгъом иплъышъорэ ишӀыкӀэрэ къызэрыкӀырэ гущыӀэхэр | 1оф328 | 20.03 | |
| 50 | Пкъыгъом иплъышъорэ ишӀыкӀэрэ къызэрыкӀырэ гущыӀэхэр | 1оф334 | 20.03 | |
| 51 | Изложение (1оф 325) | Правилэхэр агу къагъэк1ыжьын | 21.03 | |
| 52 | Жабзэм ихэгъэхъон. Рассказ (1оф 327) | Рассказыр къаухыжьын | 3.04 | |
| 53 | ГущыӀэухыгъэм ичлен шъхьаӀэхэр. | 1оф342 | 4.04 | |
| 54 | ГущыӀэухыгъэм ичлен шъхьаӀэхэр. | 1оф345 | 4.04 | |
| 55 | **УплъэкӀун диктант.** | Правилэхэр агу къагъэк1ыжьын | 10.04 | |
| 56 | Хэукъоныгъэмэ ягъэтэрэзыжьын | 1оф348 | 11.04 | |
| 57 | ГущыӀэм хэт макъэхэмрэ буквэхэмрэ язэхэфын. | 1оф352 | 17.04 | |
| 58 | Жабзэм ихэгъэхъон Рассказ | Рассказ къатхын | 18.04 | |
| 59 | АкӀугъэм икӀэджыкӀыжьын. | 1оф356 | 18.04 | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 60 | Аклугъэм иклэджыклыжьын. | 1оф359 | 24.04 | |
| 61 | Аклугъэм иклэджыклыжьын. | Правилэхэр агу къагъэк1ыжьын | 25.04 | |
| 62 | Аклугъэм иклэджыклыжьын. | 1оф363 | 8.05 | |
| 63 | Аклугъэм иклэджыклыжьын. | 1оф366 | 15.05 | |
| 64 | **Уплъэклун диктант.** | 1оф369 | 15.05 | |
| 65 | Хэукъоныгъэмэ ягъэтэрэзыжьын | 1оф372 | 22.05 | |
| 66 | Аклугъэм иклэджыклыжьын. | 1оф375 | 22.05 | |
| 67 | Аклугъэм иклэджыклыжьын. | 1оф377 | 23.05 | |
| 68 | Зэфэхьысыжь урок | | 23.05 | |